

Fèy Enfòmasyon

Enfòmasyon sou Nouvo Pwogram Eksepsyon Kondisyonèl ("Parole") ki Disponib pou Ayisyen ki Deyò Peyi Etazini

Pou eseye anpeche moun fè vwayaj migrasyon danjere a pye oswa sou lanmè, konte sou pasè, epi rive nan vil ki sou fwontyè Etazini-Meksik la, gouvènman Biden nan anonse kreyasyon yon [nouvo pwogram ekspesyon sou kondisyon](#) (ki rele "CHNV Parole Program" nan lang anglè). Pwogram sa a pèmèt esponsò Ozetazini aplike pou benefisyè kiben, ayisyen, nikawagweyen, ak venezyelen pou pran avyon pou rive Ozetazini epi rete nan peyi Etazini pandan de (2) lane. Pèsòn pa kapab antre nan pwogram sa a si li pa pran avyon.

Pwen Kle

- Pèsòn moun ki rantre nan peyi Meksik, Panama, oswa Etazini san otorizasyon aprè 6 janvyè 2023 pa ranpli kondisyon pou pwogram sa a. Pwogram sa a pa pèmèt moun jwenn eksepsyon ("parole") atravè pò dantre terès.
- Yon esponsò k ap viv Ozetazini ki gen estati legal, ki kapab sipòte benefisyè a pandan de (2) lane, kòmanse pwosesis pou aplike a; esponsò a kapab yon manm fanmi benefisyè a, men li pa oblije yon manm fanmi l.
- Pa gen okenn frè aplikasyon. Aplike pou pwogram sa a gratis. Si yon moun di w ou bezwen peye, li pwobab pou moun sa a ap eseye fè lajan sou tèt ou.
- An jeneral, yon benefisyè kapab nan kèlkeswa peyi ki pa peyi Etazini. Si yon benefisyè ap viv nan yon peyi ki pa Ayiti, li pa ranpli kondisyon pou

pwogram sa a si li gen rezidans pèmanan, sitwayènte, oswa estati refijye nan peyi sa a. Moun ki gen estati tanporè oswa viza tanporè nan yon lòt peyi ranpli kondisyon pou pwogram sa a. Benefisyè pa ranpli kondisyon pou pwogram sa a si peyi Etazini te depòte yo nan senk (5) lane ki pase yo.

- Pou yon benefisyè ranpli kondisyon pou pwogram "parole" sa a, li bezwen yon paspò ki poko ekspire, epi li oblije peye pou vòl pou l rive Ozetazini a. Lè li rive, li kapab aplike pou yon pèmi travay avèk lòt estati ak sèvis.
- Fòk benefisyè prensipal la se yon sitwayen ayisyen, men fanmi pwòch li yo (mari/madam, moun ki nan plasaj avè l, pitit ki gen mwens pase 21 lane ki pa marye) kapab sitwayen lòt peyi. Timoun ki pa gen granmoun k ap vwayaje avèk yo pa ranpli kondisyon pou pwogram sa a. Yon timoun minè (ki gen mwens lase 18 lane) dwe vwayaje rive Ozetazini avèk papa/manman l oswa yon gadyen legal pou l patisipe nan pwogram sa a.
- Si w gen yon aplikasyon pou yon viza ki ankou, ou ranpli kondisyon pou pwogram sa a epi ou ta kapab chanje estati w aprè w fin jwenn eksepsyon ("parole") sa a, men fòk ou tcheke avèk yon avoka imigrasyon pou wè ki enpak pwogram "parole" la ta ka genyen sou ka annatant ou an anvan ou vini Ozetazini avèk pwogram "parole" la.
- Pwogram sa a pa egzije ni yon randevou fas-a-fas ni yon entèvyou nan yon anbasad.
- Pwosesis la sanse pran kèk semèn soti nan aplikasyon an pou benefisyè a jwenn otorizasyon pou l vini Ozetazini, men n ap gade pou wè si pwogram nan pral efikas tout bon vre.
- Jiska 30.000 Kiben, Venezyelyen, Nikaragweyen, ak Ayisyen kapab rantre Ozetazini chak mwa atravè pwogram sa a.

Pwosesis la

Patisipasyon nan pwogram nan kòmanse avèk yon esponsò Ozetazini ki gen estati legal k ap enskri pou l sipòte yon sitwayen ayisyen ki nan peyi ki pa peyi Etazini.

Kiyès ki ka Esponsò?

- Esponsò yo kapab sila ki gen swa TPS, yon ekspesyon kondisyonèl ("parole" nan lang anglè), desizyon ranvwaye ki se "deferred action" nan lang anglè (desizyon ranvwaye se otorizasyon pou rete Ozetazini san yo pa depòte w, men se pa yon estati imigrasyon), estati azil oswa refijye, rezidans pèmanan, oswa sitwayènte Etazini. Epi esponsò yo kapab se nenpòt manm fanmi moun nan, yon zanmi, yon pastè, yon gwoup moun ki mete ansanm tankou plizyè manm fanmi oswa zanmi oswa kòlèg, oswa yon biznis oswa yon òganizasyon relijyèz oswa nenpòt tip òganizasyon, ki kapab pwouve li kapab reponn ak bezwen benefisyè yo pandan peryòd de (2) lane Pwogram Ekspesyon Kondisyonèl la ap dire a. Moun yo gentan apwouve demann azil yo kapab aplike kòm esponsò, men sila k ap mande azil epi ki gen dosye yo annatant pa kapab aplike kòm esponsò. Sila ki pa ko resewa TPS inisyal yo pa kapab aplike kòm esponsò.
- Pou aplike pou pwogram nan, fòk esponsò yo itilize [Fòmilè I-134A, Demann sou entènèt pou vin yon Esponsò ansanm ak Deklarasyon Èd Finansyè \(Online Request to be a Supporter and Declaration of Financial Support\) \(disponib la\).](#)
- Se pou esponsò yo gen adrès imèl ki kòrèk pou benefisyè yo.
- Esponsò yo dwe soumèt yon Fòmilè I-134A apa pou chak grenn benefisyè yo bezwen sipòte, menm pou manm fanmi pwòch Ayisyen yo ansanm ak timoun ki minè.
- Esponsò yo dwe montre prèv revni (y ap montre deklarasyon enpo, fich pèman oswa relve bankè) epi pou yo kapab bay benefisyè a kote pou l abite ak ba l manje pandan de (2) lane. Si yon gwoup oswa òganizasyon ap sipòte benefisyè a, moun k ap ranpli fomilè a dwe soumèt yon lèt angajman. Se yon reprezantan òganizasyon an k ap bay lèt sa epi lèt sa ap dekri sipò

finansyè ansanm ak lòt sipò y ap gen pou bay benefisyè a espesifikman (tankou kay, bezwen debaz, transpò, elatriye). USCIS kapab mande prèv siplemantè pou detèmine si esponsò yo gen ase resous.

Pwochen Etap pou Benefisyè

- Yon fwa USCIS revize epi apwouve demann esponsò yo, benefisyè yo ap resevwa yon imèl k ap fè yo konnen kijan pou yo aplike sou entènèt. Pou sa y ap kreye yon kont sou entènèt sou **myUSCIS**. Aplikasyon an ap gen ladan li konfimasyon sou enfòmasyon biyografik ansanm ak atestasyon pou montre yo ranpli kondisyon sante piblik, ki gen ladan li kèk kondisyon vaksinasyon. Yon lòt fwa ankò, se pou tout benefisyè yo, menm timoun yo, gen paspò ki valab ki pa ko ekspire.
- Annaprè, benefisyè yo ap resevwa enstriksyon atravè myUSCIS pou kapab ale sou aplikasyon anrejistremant mobil **CBP One**. Epi, benefisyè a dwe antre enfòmasyon biyografik sou CBP One epi soumèt yon "live photo" ki se yon "selfie" benefisyè a pran pandan l ap itilize aplikasyon an.
- Annaprè, benefisyè a ap resevwa yon avi sou kont myUSCIS li a. Avi sa ap konfime si CBP bay benefisyè a otorizasyon an avans pou vwayaje antre Ozetazini. Jeneralman, otorizasyon pou vwayaje sa a valab pou 90 jou, epi se benefisyè a ki responsab pou aranje vwayaj li atravè yon vòl komèsyal jiska yon vil anndan peyi Etazini.
- Yon fwa li rive nan ayopò a, CBP ap enspekte chak moun ki antre nan peyi a atravè pwosesis sa, epi CBP ap konsidere moun sa pou resevwa 'discretionary parole' pandan de (2) lane (ki se pwogram ki pèmèt moun rete Ozetazini pandan 2 lane sou dizon otorite yo.) Atravè enspeksyon an, benefisyè yo ap pase anba yon kontwòl siplemantè tankou kontwòl biyometrik anprent yo.

Kisa k ap Pase Aprè Pwogram Eksespsyon Kondisyonèl pou antre nan peyi Etazini

Aprè yo fin apwouve benefisyè yo pou Pwogram Ekspesyon Kondisyonèl pou antre nan peyi Etazini, yo kapab aplike devan USCIS pou yon otorizasyon pou travay. Pou aplike pou yon Dokiman Otorizasyon pou Travay (Employment Authorization Document - EAD), yo dwe soumèt yon fòmilè I-765, Aplikasyon pou Otorizasyon pou Travay. Y ap itilize kòd kategori C(11) ansanm ak frè nesèsè a oswa aplike pou yon egzansyon frè (*ki vle di pou pa peye frè*). Pou ranpli Fòmilè I-765 sou entènèt, aplikan ki ranpli kondisyon yo ap ale sou kont USCIS yo sou my.uscis.gov. Aplikan k ap mande yon egzansyon pou pa peye frè Fòmilè I-765 oswa sila ki ranpli kondisyon pou peye frè a dwe soumèt Fòmilè I-765 la pa imèl.

Yon bagay ki enpòtan anpil, Ayisyen ki jwenn "parole," ki se eksepsyon kondisyonèl la, ranpli kondisyon tou pou sèvis ki disponib pou Kiben/Ayisyen ki fenk rantre nan peyi a nan Office of Refugee Resettlement (Biwo Reyentegrasyon pou Refijye). Ou ka jwenn enfòmasyon sou sèvis ki disponib yo la a (an anglè): <https://www.acf.hhs.gov/orr/fact-sheet/benefits-cuban/haitian-entrants>

[Pou enskri pou jwenn sèvis sa yo, ou dwe kontakte yon ajans afilye ak yon ajans reyentegrasyon nan eta kote w ap viv la \(an anglè\):](https://www.acf.hhs.gov/orr/grant-funding/state-florida-programs-and-services-locality)
<https://www.acf.hhs.gov/orr/grant-funding/state-florida-programs-and-services-locality>

[Moun ki vle aplike pou azil oswa lòt estati imigrasyon aprè yo fin rantre nan peyi Etazini sou kondisyon dwe kontakte yon avoka oswa yon òganizasyon fyab sou pwosesis la.](#)

Nou konseye nenpòt ki moun ki panse yo menm oswa fanmi yo ak zanmi yo kapab kalifye pou pwogram eksepsyon an pou wè ansanm ak yon avoka oswa yon òganizasyon ki gentan eksperyans travay ansanm avèk Ayisyen, tankou Catholic Legal Services oswa Haitian Bridge Alliance, ki kreye yon dokiman ki gen enfòmasyon [la a](#) (an anglè) epi [la a](#) (an kreyòl).

Enfòmasyon adisyonèl

- Plis enfòmasyon sou pwogram eksepsyon kondisyonèl la a (an kreyòl):

<https://www.uscis.gov/humanitarian/processes-for-cubans-haitians-nicaraguans-and-venezuelans/processes-for-cubans-haitians-nicaraguans-and-venezuelans-haitian>

- Ou kapab jwenn repons sou kesyon yo poze souvan sou pwogram nan la a (an kreyòl):
<https://www.uscis.gov/humanitarian/frequently-asked-questions-about-the-processes-for-cubans-haitians-nicaraguans-and-venezuelans-0>
- Plis enfòmasyon sou esponsòrizasyon an kreyòl disponib [la a](https://docs.google.com/document/d/1SF44UA8pJladiHI3vUNxU1sXo37Fwkuc/edit):
<https://docs.google.com/document/d/1SF44UA8pJladiHI3vUNxU1sXo37Fwkuc/edit>
- Si ou enterese pou esponsòrizasyon yon moun, [Welcome.US](#) prepare yon [fòmasyon entèaktif pou moun ki vle sèvi kòm esponsò](#) (an kreyòl), yon [gid pou Fòmile I-134 la](#) (an anglè), ansanm ak yon [fòmilè enskripsyon](#) pou kreye rezo moun ki vle sèvi kòm esponsò (an anglè).
- Pou kesyon jeneral oswa kesyon sou sa k ap fèt avèk yon Fòmilè I-134A, ou kapab voye yon mesaj an tout sekirite apati de kont USCIS ou oswa rele USCIS Contact Center nan 800-375-5283 (TTY 800-767-1833).

Ayisyen nan peyi Etazini ki nan pwosesis depòtasyon gen yon sèl chans pou fè tèt yo ranpli kondisyon pou pwogram eksepsyon an si yo deside volontèman kite peyi Etazini oswa retire aplikasyon yo fè pou antre nan peyi Etazini. Tanpri kontakte yon avoka si ou nan sitiyo sa a.

Ayisyen ki pre fwontyè Etazini-Meksik la kapab itilize yon aplikasyon sou entènèt ki rele CBP One apati dat 12 janvye 2023 pou pwograme yon randevou pou antre peyi Etazini atravè yon pò dantre terès (ki vle di a pye). W ap bezwen yon telefòn entèlijan ki konekte ak entènèt pou ou telechaje ak itilize aplikasyon [CBP One](#) la. Li gratis epi li disponib an anglè ak panyòl pou kounye a. Randevou pou travèse yo ap disponib nan pò dantre vil Brownsville, Eagle Pass, Hidalgo, Laredo ak El Paso (Paso del Norte) nan Tèksas; nan vil Nogales nan Arizona; epi nan vil

Calexico ak San Ysidro (Pedestrian West – El Chaparral) nan Kalifòni. Li pa posib pou peye pou jwenn yon randevou, kidonk pinga ou kwè okenn moun ki di w yo kapab fè sa pou ou si ou peye yon frè. Ou pa bezwen yon paspò ki valab pou pwograme yon randevou.

Pou enfòmasyon sou CBP One:

- [Fèy enfòmasyon sou CBP One™ an kreyòl | U.S. Customs and Border Protection](#)
- [CBP One™ Fact Sheet - English | U.S. Customs and Border Protection](#)
- [CBP One™ Fact Sheet - Spanish | U.S. Customs and Border Protection](#)
- [CBP One Traveler Quick Reference Guide English | U.S. Customs and Border Protection](#)
- [CBP One Traveler Guía de referencia rápida en español | U.S. Customs and Border Protection](#)

Si ou gen pi plis kesyon, kontakte:

Yael Schacher nan Refugees International, yael@refugeesinternational.org

Steve Forester nan IJDH, steveforester@aol.com, 786-877-6999

Clarel Cyriaque nan kabinè jiridik li, clarelcyriaque@netscape.net